



JAMES J. FERRIS HIGH SCHOOL


Ms. DENEEN ALFORD

PRINCIPAL

201-915-6662

JERSEY CITY PUBLIC SCHOOLS

(201) 915-6660



35 COLGATE STREET

JERSEY CITY, NJ 07302

www.jcboe.org/schools/fhs.aspx

C

Lekòl nou an pral patisipe nan rekòlte done sondaj yo lè li itilize **Ankèt sou Amelyorasyon Klima Eskolè New Jersey a (NI SCI)** ki te devlope ak administre pa Rutgers University pou ede lekòl yo jwenn plizyè opinyon sou aspè klima eskolè yo. Rekòlte done yo enpòtan pou konprann fòs ak bezwen yo nan lekòl nou an ak kòman yon moun santi li antanke manm kominote eskolè nou an. Done yo pral sèvi pou fè amelyorasyon nan lekòl la. Sondaj la se anonim epi volontè. Yo pral voye yon lèt avèk enstriksyon sou fason pou pran sondaj paran ak founisè swen yo byento. Vwa w enpòtan pou nou epi nou espere ou pral patisipe.

Pèsonèl lekòl la ak distri a pral kapab wè repons ki sòti nan sondaj la sou yon platfòm sou entènèt ki gen modpas pwoteje. Yo pral konbine repons sou sondaj la pou fè rapò pa gwoup. Pa egzanp, repons ou yo sou sondaj la pral konbine ak pa lòt paran yo. Pèsonn p ap gen aksè ak repons endividyèl patisipan yo.

Administrasyon sondaj elèv yo pral fèt apati 02/21/2023 - 03/03/2023. Gade davans eleman sondaj la (yo) pou elèv yo isit la: [Sondaj Elèv Klas 3èm ane pou rive 5èm ane; Sondaj Elèv Klas 6èm ane pou rive 12èm ane](#). Sa se yon chans pou nou aprann sou opinyon pitit ou an konsènan lekòl la, men pitit ou an pa gen pou li patisipe nan sondaj la.

Si ou gen kesyon, oswa ou ta prefere pitit ou an pa patisipe nan sondaj la, tanpri kontakte Mr. Ortiz nan dortiz@jcboe.org anvan 2/21/23 oswa ranpli yon fòm ki [kout](https://forms.gle/cyoJuRMuWHAVHrm46) (<https://forms.gle/cyoJuRMuWHAVHrm46>). Si ou pa reponn, yo ap konsidere ou dakò pou pitit ou patisipe nan sondaj la si pitit ou chwazi pou li patisipe.

Kòdyalman,
Deneen Alford

“WE CARE” Winning Every Scholar Around Reformed Education



Emilio Pane, Vice-Principal
epane@jcboe.org

Ethan Norlander, Acting Vice-Principal
enorlander@jcboe.org

Shirley Delgado, Vice-Principal
sdelgado@jcboe.org

Sharif Battle, Athletic Supervisor
sbattle@jcboe.org

